

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan ngagunakeun basa (*language arts, language skills*) dina kurikulum sakola ilaharna ngawengku opat komponén, nyaéta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*), kaparigelan nyarita (*speaking skills*), kaparigelan maca (*reading skills*) jeung kaparigelan nulis (*writing skills*) (Tarigan, 1986, kc. 1). Kaparigelan ngaregepkeun nyaéta hiji kamampuh maham basa anu sipatna *reseptif* ku cara ngaregepkeun sora-sora basa. Salian ti éta, ngaregepkeun mangrupa hiji kaparigelan anu gembler tur niténan sacara gemet, konséntrasi, sikep mental nu aktif jeung kamampuh nyangking katut ngalarapkeun unggal gagasan (Hermawan, 2012, kc. 30). Kaparigelan nyarita mah nyaéta kamampuh ngaluarkeun lambang-lambang sora atawa kekecapan pikeun ngébréhkeun gagasan, pikiran, jeung perasaan. Anapon kaparigelan maca nyaéta kamampuh *reseptif* basa tinulis, sedengkeun kaparigelan nulis nyaéta kamampuh nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun gembleran basa hiji jalma.

Tina opat komponén anu geus ditétélakeun, anu bakal dikokojokeun dina ieu panalungtikan nyaéta komponén ngaregepkeun. Ébréh yén ngaregepkeun téh mangrupa salah sahiji komponén tina kaparigelan basa. Salian ti éta, ngaregepkeun ogé mangrupa hiji kaparigelan basa anu pangmimitina kacangking ku hiji jalma.

Dina kanyataanna, aspék kaparigelan ngaregepkeun tara pati dipaliré, malah sok disapirakeun, pangpangna dina pangajaran. Loba sakola anu teu pati maliré kana pangajaran ngaregepkeun tinimbang kaparigelan-kaparigelan séjénna. Ti mimiti TK nepi ka SMU, umumna siswa narima pangajaran sarta latihan dina hal maca jeung nulis, kitu ogé dina hal nyarita. Anapon kaparigelan ngaregepkeun mah kacida kurangna (Hermawan, 2012, kc. 35). Éta hal katitén tina pangajaran ngaregepkeun paguneman.

Sudaryat (2010, kc. 6) nétélakeun yén paguneman téh nyaéta unit pangjembarna kagiatan makéna basa antara dua urang panyatur atawa leuwih, boh lisan boh tulisan, tur sipatna interaksional (timbang balik). Paguneman téh mangrupa kagiatan komunikasi anu kawilang penting, ku sabab dina kahirupan sapopoé manusa moal leupas tina ieu kagiatan anu miboga kagunaan pikeun patali marga antara jalma nu hiji jeung nu lianna.

Dina widang atikan, paguneman téh mangrupa salah sahiji kompeténsi dasar anu diajarkeun boh di SMP boh di SMA. Pasualan anu kapanggih dina milih bahan pangajaran, bahan pangajaran anu digunakeunna téh sok tina buku pakét atawa tina LKS (Vita, 2012, kc. 3), padahal loba sumber séjén anu bisa digunakeun pikeun ngeuyeuban matéri paguneman. Paguneman téh bisa kapanggih dina rupa-rupa média, salah sahijina dina média elektronik saperti televisi, anu bisa digunakeun salaku sumber pikeun bahan ajar di sakola.

Bahan pangajaran téh mangrupa salah sahiji komponén penting dina prosés diajar ngajar. Ku kituna, dina milih jeung nepikeun bahan pangajaran, hususna bahan pangajaran basa Sunda, guru basa Sunda kudu boga kamampuh jeung pangaweruh anu euyeub ngeunaan basa Sunda sangkan bisa ngaronjatkeun kualitas siswa dina diajar basa Sunda. Salian ti éta, bahan ajar ogé kudu ngahudang minta siswa pikeun diajar. Ku sabab kitu, dina ieu panalungtikan dipilih acara Golémpang di Bandung TV nu mangrupa acara dialog (paguneman) basa Sunda, pikeun ngeuyeuban matéri basa Sunda, ngamekarkeun basa jeung budaya Sunda, sarta ngirut minat siswa.

(<http://media.kompasiana.com/mainstreammedia/2013/10/05/bandung-tvbandung-pisan-euy-595820.html>).

Saenyana panalungtikan ngeunaan analisis paguneman téh geus aya nyaéta “Analisis Pragmatis Paguneman dina Barakatak *Manglé* Édisi Juli-Agustus 2010 pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” (Vita, 2012) jeung “Struktur Pragmatis Bahasa Sunda pada Acara Golémpang di Bandung TV” (Ai Nurhayati, 2011). Sanajan judulna ampir sarua ngeunaan pragmatik dina paguneman, tapi anu dianalisisna mah béda. Dina “Analisis Pragmatis Paguneman dina Barakatak *Manglé* Édisi Juli-Agustus 2010 pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” mah nu

Sarah Gilang Permatasari, 2014

**ACARA GOLÉMPANG PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN NGAREGEPKEUN
DI SMA (Tilikan Aspék Pragmatik jeung Tindak Komunikatif)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dianalisisna téh ngeunaan cara mekarkeun topik jeung jenis topikna, sedengkeun judul “Struktur Pragmatis Bahasa Sunda pada Acara Golémpang di Bandung TV” mah nu dianalisisna maksimna. Ari dina ieu panalungtikan mah nganalisis kontéks wacana, aspék pragmatik, rupa-rupa tindak komunikatif jeung bahan ajar ngaregepkeun. Anapon pedaran ngeunaan kontéks wacana anu ditétélakeun ku Sudaryat (2010, kc. 25), kontéks wacana mangrupa ciri-ciri alam luareun basa (lingkungan non-linguistik) anu numuwuhkeun ma’na omongan atawa wacana waktu komunikasi. Aspek-aspek pragmatik ngawengku: 1) aspék sosialisasi basa, 2) aspék intelektual, 3) aspék emosional, 4) aspék informasi faktual, 5) aspék ngaréngsékeun hiji hal, jeung 6) aspék moral. Rupa-rupa tindak komunikatif nyaéta rupa-rupa komunikasi anu dilakukeun dina kahirupan sapopoé, contona waé aya ngalaporkeun, ngalawan, ngahina, nyaluyuan jsb.

Jadi, ieu panalungtikan anu dijudulan “Acara Golémpang pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMA (Tilikan Aspék Pragmatik jeung Tindak Komunikatif)” téh acan aya. Ku kituna, kudu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus ditétélakeun, bisa diidentifikasi sababaraha masalah. Idéntifikasi masalahna ngawengku: 1) kontéks wacana dina acara Golémpang; 2) aspék-aspek pragmatik dina acara Golémpang; 3) rupa-rupa tindak komunikatif dina acara Golémpang; jeung 4) larapna hasil panalungtikan pikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA.

1.3 Rumusan Masalah

Masalah anu baris diréngsékeun dina ieu panalungtikan téh bisa dirumuskeun dina wangun pananya di handap.

- 1) Kumaha kontéks wacana dina acara Golémpang?
- 2) Naon waé aspék-aspek pragmatik dina acara Golémpang?
- 3) Naon waé rupa-rupa tindak komunikatif dina acara Golémpang?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA?

1.4 Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta hayang maluruh paguneman tina acara Golémpang pikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA.

1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan nu hayang dihontal, nyaéta ngadeskripsikeun acara Golémpang. Déskripsina ngawengku:

- 1) kontéks wacana dina acara Golémpang;
- 2) aspék-aspék pragmatik nu kapaluruh dina acara Golémpang;
- 3) rupa-rupa tindak komunikatif nu kapaluruh dina acara Golémpang; jeung
- 4) larapna hasil panalungtikan pikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan paguneman katut tiorina nu patalina jeung kagiatan pangajaran basa Sunda di SMA. Salian ti éta, bisa ngeuyeuban ulikan pragmatik, umumna dina paélmuhan basa.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Dina ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat praktis saperti ieu di handap.

1) Siswa

Siswa dianggap bakal leuwih kairut ku pangajaran ngaregepkeun tina acara Golémpang.

2) Guru

Guru dianggap bakal meunang gambaran dina milih bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA.

1.6 Raraga Nulis

Ieu laporan panalungtikan ngawengku lima bab. Bab I eusina ngawengku kasang tukang, identifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga nulis.

Bab II eusina ulikan tiori anu miboga fungsi pikeun jadi dadasar tioritis dina nganalisis data, anu eusina mangrupa konsép-konsép, tiori-tiori anu patali jeung widang anu ditalungtik. Tiori dina ieu panalungtikan ngawengku pragmatik, Golémpang, jeung bahan pangajaran ngaregepkeun.

Bab III mangrupa métode panalungtikan. Dina métode panalungtikan ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

Bab IV mangrupa hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina ieu bab dipedar sakur hasil analisis anu kapanggih ngeunaan acara Golémpang pikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA (tilikan aspék pragmatik jeung tindak komunikatif)

Bab V mangrupa kacindekan jeung saran. Dina ieu bab dipedar kacindekan tina panalungtikan kana acara Golémpang anu dijadikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun ditilik tina aspék pragmatik jeung tindak komunikatifna sarta saran pikeun pihak-pihak anu aya patalina jeung hasil panalungtikan.